



Ruheshi 2022

kirundi

Ntawushobora kurusha urukundo

Uwiguze abagenzi biwe.

(Yohani 15,13)

Kontakt: Meinolf Wacker
Kirchplatz 7
59174 Kamen

Mobil.: +49-172-5638432
Mail: meinolf.wacker@go4peace.eu
Homepage www.go4peace.eu

**Atari jenyene, ariko hamwe na Yo!
Not alone - but together!**

Bakunzi ba Go4peace,

Kenshi cane, Yezu yaguma abona ko abagenzi biwe bikunda kuruta uko bamukunda. Ku biraba ineza yabo barabanguka, ibisigaye bakabiraba utw'ininga. Nico gituma aho yabamenyensha ko azogwa mu minwe y'abanditsi n'abaherezankuka, mbere bakanamwica, ntibabifashe nkama na mba. Ahubwo bo baguma mu nzira biharirira ngo bamenye umukuru muri bo. Ni naho mbere aho Yezu abwiriye umusore ari aho ko yogenda akagurisha ivyo atunze akabiha aboro, yagiye yijiriwe kuko yari atunze vyinshi.

Yezu yaguma ashaka ko abigishwa biwe botegera ko urupfunguruzo rw'ikinyegezwa c'itunga nyakuri, atari gutunga vyinshi canke kubirondera, ariko ko ari ugutanga ubuzima bwawe mu rukundo. Ivyo bashobora mbere kuvyigira kuri we. Yarahaye umwanya wiwe umugore bahwaniye kw'iriba kwa Yakobo, araheza mu kiyago bagiranye amwugururira ubuzima bushasha, yongera araha umwizero umukuru w'abasirikare w'umuromani atako amukiriza umusuku. Yarahaye ikigongwe umukenyezi bari bafashe asambana. Mu vyukuri Yezu yama atanga ubuzima bushasha. Muri ukwo gutanga no muri urwo rukundo rutomoye hama havamwo imigenderanire ku muntu umwe umwe wese. Ubwo bucuti bushitse buraheza bukaba akaryo ko guhwana n'urukundo rw'Imana kubi bo. Niho rero Yezu yashatse mu mpera z'ubuzima bwiwe gusigira abigishwa biwe kino kinyegezwa ati: „Ni mukundane nk'uko nabakunze!“ Muri urwo rukundo magiriranire, niho we nyene yashobora guhorana nabo.

Tomas niwe ayaga ati: „Ndafise umugenzi, nawe asanzwe afise umugenzi muri Ukraine. Yama amuhamagara kenshi cane cane muri iki gihe c'intambara, ngo agerageze kumuba hafi. Umusi umwe yaramwandikiye ubutumwa bugufi kuri WhatsApp, amubwira ko yamusabiye mu kuvuga ishapule. Yaramwishuye ati: Ndagushimiye ko uri ng'aho kandi ukaza urandungikira ubutumwa. Birampa inguvu n'ubutwari. Uno musu nari namye umusi wose mu nzira, ndi kuraba impunzi mu bibanza bitandukanye zahungiyemwo. Vyanshitse ku mutima kandi biranyongerereza ingoga. Natashe nikugura kandi nigiriye inama yo kwama niyegerereza abantu. Numva ko Imana isa n'iyifise umugambi. Ni vyiza kwama dukorana ibintu n'Imana“. **Atari ndi umwe, ariko hamwe na Yo! Not alone! But together!**

Kubwa go4peace,

Meinolf Wacker